# Mwari baba vangu

## Harare West M.U.M.C

Mwari Baba vangu, ndinoona vanhu
Vakasiya nzira yenyu, varivarasiki;
Garai neni, garai neni,
Nekusingaperi.

2.
Neupenyu hwangu, hwakatsonga kwazvo,
Asi ndinotenda kuti munogara neni;
Garai neni, garai neni,
Nekusingaperi.

3.
Pasi pano pese, ndinoonakuti,
Zviro zvese zvichapera, imwi munogara;
Garai neni, garai neni,
Nekusingaperi.

4.
Vanhu vanobarwa, ivo vanokura,
Asi kufa kuchauya, Baba garai neni;
Garai neni, garai neni,
Nekusingaperi.

5.Kuti ndichichema nematambudziko,
Achapera ndichafara, Baba, garai neni,
Garai neni, garai neni,
Nekusingaperi.

Lyrics Submitted by Amanda Sibanda

Lyrics provided by
https://damnlyrics.com/